

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang**

Dina kagiatan diajar ngajar, guru salaku pihak nu miboga pancén pikeun nepikeun amanat atawa pesen ka siswa nu mangrupa matéri pangajaran dipiharep pikeun kréatif dina ngalaksanakeunana. Kréatif di dieu hartina kumaha carana sangkan matéri pangajaran nu ditepikeun bisa kacangkem ku siswa kalayan maksimal. Kréatif di dieu ogé bisa dihartikeun kumaha carana ngungkulon rasa bosén nu karandapan ku siswa nalika kagiatan diajar ngajar di kelas. Pikeun ngungkulonana digunakeun média pangajaran. Média pangajaran loba rupa jeung wanguanna. Ti mimiti nu pangbasajan jeung pangmurahna nepi ka nu pangcanggih jeung pangmahalna. Aya nu bisa dijieu ku guru sorangan, aya ogé anu dijieu ku pabrik. Dina ngarancang pikeun digunakeun dina kagiatan diajar ngajar di kelas gumantung kréatifitas ti guru éta sorangan. Jadi, ku aya jeung digunakeunna média pangajaran téh sipatna penting pisan pikeun guru.

Hasil pangajaran basa Sunda kaasup pangajaran ngadongéng téh kurang nyugemakeun. Data 2 taun katukang diantarana taun 2011 rata-rata 68, taun 2012 rata-rata 70, sedengkeun KKM dina pangajaran basa Sunda nu kudu dihontal di kelas VII nya éta 75. Jadi téteła pangajaran basa Sunda téh can nyugemakeun.

Kiwarí aspek pangajaran maca téh dianggap hésé kacangkemna ku siswa. Maca mangrupa hiji kaparigelan ngagunakeun basa nu kacida pentingna, sabab kaparigelan ieu miboga loba fungsi dina kahirupan manusa. Malah mandar maca mangrupa salahiji faktor penting dina nangtukeun kahontal henteuna préstasi akademik hiji jalma. Tapi faktana, urang salaku manusa leuwih resep nongton tibatan maca. Dina ngalarapkeun maca huruf vokal e, é, jeung eu anu masih kénéh sok patukeur tur can lancar bisa jadi bangbaluh. Ieu bangbaluh bisa ngalantaraneun siswa embung maca bahan bacaan dina wangun basa Sunda. Salian ti éta, upama maca bahan bacaan dina wangun basa Sunda mah dina unggal kalimahna pasti katitén aya kecap-kecap nu teu dipikangarti ku siswa. Siswa ogé aya nu sok ngarasa éra upama dititah maca sacara bedas di hareup kelas. Can

ngawasana guru dina ngagunakeun média kantenan média éléktronik nya éta di dieu média *audio-visual* ogé mangrupa bangbaluh nu karandapan. Guru ngan saukur ngagunakeun métode ceramah unggal nepikeun pangajaran di kelas. Éta hal jadi salahsiji faktor anu ngalantarankeun siswa teu jarang ngarasa teu ngarti sarta ngarasa bosen dina kagiatan diajar. Faktor guru jeung média katut bahan pangajaran salaku fasilitator, sakapeung mah teu dipaliré dina prak-prakanana. Dina enas-enasna mah mémang loba bangbaluh nu karandapan ku siswa salaku nu diajar jeung guru salaku fasilitator pangajaran.

Dina hal nepikeun pangajaran maca dongéng basa Sunda, muncul sababaraha masalah boh ti guru boh ti siswana. Loba guru anu kurang parigel dina nepikeun matéri sacara jéntré nu antukna siswa hésé maham kana eusi matéri anu ditepikeun ku guruna. Sora guru anu kawatesanan ogé ngabalukarkeun siswa anu diuk di tukang hésé pikeun nyangking matéri anu di pedar. Ayana siswa anu resep jeung anu teu resep boh kana pangajaran basa Sunda boh kana matéri anu dipedar, sarta kaayaan kelas anu gandéng, panas, jeung pinuh ogé bisa nyababkeun prosés komunikasi anu teu éfektif tur éfisién. Ku kituna dina pangajaran maca ogé perlu aya média sangkan komunikasi antara guru jeung siswa bisa leuwih éfektif.

*Audio-visual* minangka média pangajaran bisa digunakeun sangkan siswa leuwih maham kana materi nu ditepikeun ku guru. Wanda pangajaran nu ditepikeun dina maca dongéng kaitung réa. Ku ngaliwatan média *audio-visual*, dipiharep siswa nu asalna can nyangking matéri pangajaran bisa leuwih maham sabada ngagunakeun média *audio-visual* dina pangajaran maca dongéng.

Média *audio-visual* nya éta alat atawa sarana dina wujud tilu diménsi nu bisa digunakeun salaku conto atawa obyék dina pangajaran maca. Média *audio-visual* nu digunakeun di dieu mangrupa rékaman vidéo maca dongéng nu dijadikeun conto pikeun maca dongéng kalayan bener tur hadé pikeun alternatif.

Média *audio-visual* bisa waé bakal leuwih ngaéfisiénkeun waktu, hartina objék gambar nu kuduna ngabéakeun waktu saminggu atawa dua minggu bisa ditepikeun dina waktu samenit atawa dua menit. Ku kituna, panalungtik kataji pikeun ngalarapkeun média *audio-visual* dina pangajaran basa Sunda pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca dongéng.

Nurutkeun Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2007:94), pangajaran maca pikeun kelas VII mibanda SKKD: 7.3 *Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa sejarah lokal/cerita babad, teks percakapan, dongeng, dan carita pondok.* Sedengkeun salasahiji Kompetensi Dasarna nya éta 7.3.3 *Membaca dongeng.* Dumasar kana ébréhan di luhur, maca dongéng mangrupa salahiji matéri ajar dina pangajaran basa Sunda SMP.

Dumasar kana hasil observasi anu dilaksanakeun di SMP Negeri 45 Bandung ka kelas VII-J, pangajaran maca mangrupa pangajaran anu teu pati dipikaresep ku siswa, sabab dina maca aya sababaraha hal nu kudu diperhatikeun. Fakta di lapangan nunjukkeun yén siswa SMP ayeuna maca wacana biasa ogé masih kénéh can lancar. Antara ngabédakeun maca vokal e, é, jeung eu patukeur kénéh. Komo deui dina pangajaran maca dongéng. Maca dongéng jeung maca wacana biasa tangtu aya bédana. Hal-hal nu kudu diperhatikeun dina maca dongéng diantarana intonasi, lentong, artikulasi, tekenan, wirahma, randegan, jrrd. Pancén guru di dieu kumaha carana ngajardeun ka siswa, ngamotivasi siswa sangkan bisa maca dongéng kalayan hadé tur bener, jeung kumaha carana ngajadikeun kagiatan diajar ngajar di kelas sangkan teu bosen nu matak bisa ngirut minat diajar siswa.

Anapon panalungtikan séjén anu medar ngeunaan média *audio-visual*, diantarana *Éfektivitas Média Audio-Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nepikeun Biantara Siswa Kelas XI MTs Sukasari Cimahi* ku Lilis Wahyu Winarni (2010). Eusina nétélakeun kaéfektifan média *audio-visual* dina ngaronjatkeun kamampuh nepikeun biantara. *Média Audio-Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XI B1 RSBI SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)* ku Evi Nurmayatini (2011). Eusina nétélakeun média *audio-visual* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis carita pondok. *Pangaruh Média Audio-Visual kana Ningkatkeun Préstasi Diajar Basa Sunda Siswa Kelas VIII SMPN 1 Bandung* ku Ganjar Adi Nugraha (2010). Eusina nétélakeun pangaruh média *audio-visual* dina ningkatkeun préstasi diajar basa Sunda.

**Eneng Linda Purnamasari, 2013**

Éfektivitas Média Audio-Visual Pikeun Pangajaran Maca Dongéng (Studi Kuasi Ékspérимén ka Siswa Kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sedengkeun panalungtikan ngeunaan média *audio-visual* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng mah can aya anu nalungtik. Ku lantaran kitu, ieu panalungtikan anu judulna “Éfektivitas Média *Audio-Visual* pikeun Pangajaran Maca Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Aya dua hal nu diguar dumasar kasang tukang di luhur nya éta idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah panalungtikan.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kasang tukang panalungtikan di luhur, katitén aya sababaraha pasualan nu karandapan dina ieu panalungtikan. Hasil idéntifikasina, kapaluruh loba pisan faktor anu mangaruh sarta ngalantarankeun pasualan dina prak-prakan maca dongéng nya éta intonasi, lentong jeung siswa nu masih kénéh patukeur dina ngucapkeun vokal e, é, jeung eu.

Sangkan masalah anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanna, masalah anu dipedar diwatesanan kana kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII SMPN 45 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média *audio-visual* dina pangajaran maca dongéng di kelas.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung saméméh ngagunakeun média *audio-visual* pikeun pangajaran maca dongéng?
- b. Kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung sabada ngagunakeun média *audio-visual* pikeun pangajaran maca dongéng?
- c. Naha média *audio-visual* éfektif pikeun ningkatkeun kamampuh ngadongéng di kelas VII SMP Negeri 45 Bandung?

### **1.3. Tujuan Panalungtikan**

Sangkan ieu panalungtikan téh museur, sacara jéntré ieu panalungtikan mibanda dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung kasang tukang masalah sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun nguji kaéféktifan média *audio-visual* pikeun pangajaran ngadongéng.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun:

- a. kamampuh ngadongéng siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung saméméh ngagunakeun média *audio-visual*;
- b. kamampuh ngadongéng siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung sabada ngagunakeun média *audio-visual*;
- c. média *audio-visual* pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng di kelas VII SMP Negeri 45 Bandung.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, hususna pikeun nu nyusun, umumna pikeun masarakat, lembaga, sarta pihak-pihak séjén nu boga kapentingan kana ieu hasil panalungtikan. Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh diantarana mangpaat anu sipatna tioritis sarta mangpaat anu sipatna praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa ngeuyeuban sistem pendidikan dina hal nyiptakeun média pikeun pangajaran basa Sunda jeung nambahán élmu pangaweruh ngeunaan media pangajaran anu bisa digunakeun dina pangajaran ngadongéng.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

#### a. Pikeun Guru

Bisa nambahana pangaweruh dina milih média pangajaran hususna média *audio visual* dina pangajaran dongéng, sarta mikanyaho kumaha kamampuh maca dongéng siswa sabada digunakeun média *audio visual*. Bisa ogé dijadikeun alternatif media pangajaran di kelas sangkan ngahudangkeun minat siswa kana pangajaran basa Sunda.

#### b. Pikeun Siswa

Siswa mikanyaho mangpaat ngagunakeun média *audio visual* dina pangajaran ngadongéng sarta ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngadongéng.

#### c. Pikeun nu Nyusun

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan ieu, bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina ngadongéng saméméh jeung sabada ngagunakeun média *audio-visual*.

#### d. Pikeun nu Maca

Bisa ngeuyeuban pangaweruh, hususna ngeunaan mangpaat média *audio-visual* dina pangajaran ngadongéng di tingkat SMP.

#### e. Pikeun Lembaga

Bisa dijadikeun bahan alternatif dina milih média pikeun pangajaran Basa jeung Sastra Sunda di kelas.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, BAB I eusina ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II mangrupa BAB anu eusina medar ngeunaan média *audio-visual*, maca, maca dongéng, asumsi, jeung hipotesis panalungtikan. Pedaran ngeunaan média dimimitian ku wangenan média pangajaran, ciri-ciri média pangajaran, rupa-rupa média pangajaran, fungsi média pangajaran, mangpaat média

pangajaran, jeung wangun *audio-visual* salaku média pangajaran. Pedaran ngeunaan maca diwengku ku wangenan maca, tujuan maca, aspék-aspék maca, jeung wanda maca. Tuluy dina maca dongéng dipedar ngeunaan wangenan dongéng, ciri-ciri dongéng, sajarah kamekaran dongéng, fungsi dongéng, unsur-unsur dongéng jeung rupa-rupa dongéng. Salaku matéri pamungkas dina BAB II diébréhkeun ngeunaan asumsi jeung hipotésis.

BAB III mangrupa BAB anu medar ngeunaan métode panalungtikan. Eusina ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Pedaran ngeunaan téhnik ngolah data dimimitian ku méré peunteun maca dongéng siswa, uji sipat data, uji gain, jeung uji hipotésis. Dina uji sipat data dijéntrékeun ngeunaan uji normalitas jeung uji homogénitas.

BAB IV mangrupa BAB anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung ahir tina hasil panalungtikan, sarta ngadéskripsikeun media *audio-visual* dina maca dongéng siswa.

BAB V eusina medar ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu ditujukeun ku panulis.